



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN MITAN KRIZ KONTINI NAN RIKERS ISLAND LAN, GOUVÈNÈ HOCHUL  
SIYEN DEKRÈ EGZEKITIF POU OGMANTE ODYANS NAN TRIBINAL ADISTANS  
YO**

*Ede fasilite kontrent kapasite nan Palè Jistis yo, otorize anplwaye etablisman koreksyonèl yo reafekte nan Mezon Sipèvizyon ak Sekirite, epi akselere odyans yo pou diminye kantite prizonye nan Rikers*

*Biwo Gouvènè a angaje resous siplemantè pou ogmante kapasite videyo jan sa nesesè epi travay ak Biwo Administrasyon Tribinal la pou asire verifikasyon rapid dosye yo*

**Dekrè a vini 10 jou apre Gouvènè Hochul te siyen Lwa Less is More la epi anonse mezi pou amelyore jistis ak sekirite nan prizon vil la—125 moun te transfere soti Rikers pou ale nan etablisman eta yo epi 185 moun te libere nan Rikers jiska jounen jodi a**

***Li Dekrè Egzekitif la [jisit la](#)***

Nan mitan kriz kontini nan Rikers Island, Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon [dekrè egzekitif](#) pou ogmante odyans nan tribinal adistans yo. Dekrè a modifiye Atik 182 Lwa sou Pwosedi Penal la tanporèman pou ogmante pouvwa diskresyonèl pou konparèt devan tribinal la vityèlman. Itilizasyon elaji konparisyon vityèl devan tribinal la ap akselere pwosedi yo epi pèmèt anplwaye etablisman koreksyonèl yo reafekte nan transpò prizonye yo a mezon sipèviayon ak sekirite nan Rikers Island.

"Lè mwen te siyen Lwa "Less is More" la an lwa 10 jou de sa, se te kòmansman an, se pa t fen travay Administrasyon m lan pou ede jwenn solisyon nan kriz nan Rikers Island lan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Amelyorasyon sekirite ak jistis nan Rikers, konsène pwoteksyon dwa zimen ak diyite imen. Okenn moun ki nan prizon, okenn ofisyè etablisman koreksyon, epi okenn manm fanmi pa ta dwe andire reyalyite Rikers la jan li egziste jodi a, epi nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou anpeche Nouyòkè yo ap deperi nan Rikers ap tann jou yo pou ale nan tribinal. Byenke gen plis travay ki dwe fèt nan tèt ansanm avèk tout nivo nan gouvènman an, dekrè egzekitif sa se yon etap enpòtan pou soulaje pwoblèm kapasite a epi ede pwoteje Nouyòkè yo".

Biwo Gouvènè a ap travay ak Administrasyon Biwo Tribinal la (Office of Court Administration, OCA), pou eksplòre lòt metòd pou akselere odyans yo, epi nan kad

travay sa, OCA te angaje pou asire verifikasyon rapid dosye yo pou liberasyon anvan jijman, konpansasyon garanti ak detni, òdonans yo, epi tande rekèt pou nouvo pèn pou moun ki nan detansyon yo. Biwo Gouvènè a te angaje pou bay resous siplemantè pou ogmante kapasite videyo jan sa nesesè.

Nan dat 17 septanm, Gouvènè Hochul [te anonse](#) gwo mezi pou amelyore jistis ak sekirite nan prizon vil la, ki enkli siyati Lwa "Less is More" la epi anonse yon akò ak Depatman Koreksyon an (Department of Corrections) ak Vil la pou pèmèt moun ki nan prizon yo transfere soti Rikers Island pou ale nan Gadavi Eta a. Jiska prezan, 125 moun te transfere soti Rikers pou ale nan yon etablisman Eta a dapre akò a, epi 185 moun te libere nan Rikers nan lide lwa Less is More la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)